



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 70 MILYON TÈS COVID-19 SAN
PRESKRIPSYON TE DISTRIBIYE BAY NOUYÒKÈ YO NAN DÈNYE MWA YO**

***71,331,202 tès te distribiye depi desanm 2021, avèk plis pase 100 milyon tès an
total ke eta a te achte***

***Eta a ap bay tès siplemantè ak mask pou rejyon Santral New York pou fè fas ak
pousantaj ka ki pi wo pase mwayèn***

***Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo vizite 14 sit vaksinasyon gratis Eta a pou
rete pwoteje kont COVID***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te distribiye plis pase 70 milyon tès COVID-19 san preskripsyon jiskaprezan nan kad efò administrasyon an k ap kontinye fèt pou pwoteje Nouyòkè yo pandan pandemi an. Y ap founi tès adomisil rapid yo regilyèman bay lekòl yo ak mezon retrèt yo atravè eta a, epi Eta te distribiye dènyeman plis pase 2.8 milyon tès bay responsab eli yo pou bay piblik la gratis. Kòm prekosyon, Eta a te bay plizyè milye twous tès siplemantè ansanm ak 59,000 mask figi bon kalite bay konte yo nan rejyon New York Santral.

"Jan nou te wè sa pandan pandemi an, twous tès yo se yon zouti enpòtan nan batay pou sispann pwopagasyon COVID-19 la ak anpeche ekspozisyon yo ak lòt moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m anonse ke jodi a nou te distribiye plis pase 70 milyon tès COVID-19 san preskripsyon bay tout Nouyòkè yo epi mwen vle remèsye travayè devwe nou yo nan eta a k ap travay lannuit ak lajounen pou konbat viris sa ak kenbe kominote nou yo an sekirite. Nou pral kontinye konsantre su efò nou yo pou distribiye tès adomisil yo ak konstwi rezèv nou an pou nou ka ranfòse preparasyon nou pou lavni epi kontinye avanse an sekirite atravè pandemi sa a."

Pandan tès adomisil kontinye jwe yon wòl enpòtan nan idantifye ka yo ak bese pwopagasyon COVID la, Gouvènè Hochul ak Komisè Bassett ak Bray ankouraje Nouyòkè yo pou yo vaksinen ak pran dòz rapèl kòm pi bon mwayen pwoteksyon kont COVID-19. [Sit vaksinasyon gratis Eta a yo](#) rete ouvri epi yo ankouraje Nouyòkè ki gen 50 ane ak pi gran yo pou yo pran yon dezyèm dòz rapèl dapre konsèy CDC ki fèk elaji a.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Tès COVID-19 adomisil yo disponib kounye a tout kote epi bay enfòmasyon an tan reyèl konsènan sitiyasyon COVID-19 ou, espesyalman pandan n ap konstate ogmantasyon nan enfeksyon yo. Moun ki teste pozitif yo dwe izole epi, pou sila yo ki gen sentòm, chèche konsèy medikal pou tretman osito sa posib. N ap mete tout zouti prevansyon nou yo disponib byen fasil. Anplis vaksen an ak dòz rapèl yo, nou te mete plizyè milyon twous tès nan men Nouyòkè yo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Tès ak vaksinasyon kontinye se pi bon fason pou nou pwoteje ou menm ak pwòch ou yo kont COVID-19. Li enpòtan anpil pou nou rete vijilan nan mwa k ap vini yo epi kontinye mete tès adomisil nan men Nouyòkè yo pou ede kenbe kominote yo an sekirite. Nou pral kontinye ede gouvènman lokal yo epi patenarya enpòtan sa yo pral ede nou travèse pandemi sa ansanm".

Depi fen desanm, 71,331,202 tès te distribiye atravè New York bay lekòl, mezon retrèt ak sant swen adilt, gouvènman lokal ak kèk òganizasyon san bi likratif pou pi gwo distribisyon ak, tou dènyeman, bay Otorite Lojman Vil New York ak plizyè bank alimantè. Gouvènè Hochul te anonse anvan sa ke yo te achte plis pase 100 milyon tès adomisil jiskaprezan, epi plis pase 20 milyon nan tès sa yo pral distribiye pandan prentan an pou asire kominote New York yo prepare pou idantifye nouvo ka yo ak limite pwopagasyon COVID-19 la.

Anvan vag Omikwon an nan fen 2021, Gouvènè Hochul ak ekip li a te idantifye nesesite pou sekirize twous tès san preskripsyon pou konbat vag Omikwon an, bay distribisyon regilye pou piblik jeneral la, priyoreze lekòl ak enstalasyon swen pou adilt yo atravè eta a.

Nan plis pase 100 milyon tès yo achte, apeprè 23 milyon tès te sere pou ede prepare pou nenpòt vag ki ta parèt nan fen ane sa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)